



Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

اعرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

schools.nyc.gov/MessagesForFamilies

Me 2025

Mizajou sa a yo gen enfòmasyon enpòtan pou fanmi konsènan pwogram Summer Rising 2025, vote nan eleksyon konsèy edikasyon 2025, dat enpòtan pou admisyon, semèn apresyasyon pwofesè, jounen aksyon pou pwoteje klima, ak konferans pwofesè-paran.

Kontni

- **Òf pwogram Summer Rising**
- **Eleksyon Konsèy edikasyon**
- **Dat enpòtan pou admisyon**
- **Semèn apresyasyon pwofesè**
- **Jounen aksyon pou pwoteje klima**
- **Konferans pwofesè-paran**

Òf pwogram Summer Rising

Si w te aplike nan pwogram Summer Rising epi ou te resevwa yon òf, dènye jou pou aksepte òf pitit ou a se **jedi 8 me**—konekte nan MySchools.nyc pou aksepte oswa refize òf pitit ou a. Sonje ane sa a, fanmi **p ap** enskri nan pwogram lan otomatikman—aksepte òf ou a nan delè a pou garanti plas pitit ou a!

Eleksyon 2025 pou Konsèy edikasyon kominote ak Konsèy edikasyon vil la (CCEC)

Vote pou **kandida eleksyon 2025 konsèy edikasyon kominote ak vil la (Community and Citywide Education Council, CCEC)** pou pita **madi 13 me** atravè **Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account, NYCSA) ou a**. Si w pa gen yon kont, ou ka aprann kòman pou kreye youn nan schools.nyc.com/NYCSA. Fòk pitit ou yo lye avèk kont ou a pou w ka vote. Jwenn enfòmasyon sou fason pou vote nan schools.nyc.gov/Elections2025 epi aprann plis sou CCEC nan schools.nyc.gov/CCEC.

Dat enpòtan pou admisyon

Peryòd aplikasyon otòn 2025 pou elèv ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T) ki nan pi gwo klas ap fini 9 me

Pwogram G&T ofri enstriksyon akselere pou elèv ki elijib nan klas 1ye–4yè ane. Si pitit ou a elijib pou patisipe nan admisyon G&T dapre nòt nan kanè li, ou ta dwe resevwa yon avi nan imèl kont MySchools ou a oswa nan adrès kay ou ki nan dosye lekòl ou a. Delè pou aplike pou otòn 2025 lan sou [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov) se **vandredi 9 me**. Pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon elijiblite ak pwosesis admisyon G&T, ale sou [schools.nyc.gov/GT](https://www.schools.nyc.gov/GT).

Òf 3-K ak Pre-K

Si w te aplike nan 3-K oswa Pre-K pou otòn 2025 nan delè 28 fevriye 2025 lan, w ap resevwa òf Pre-K pitit ou a **13 me** oswa rezilta 3-K pitit ou a **20 me**. Konekte sou kont [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov) ou a pou aksepte òf la epi gade nenpòt lisdatant pitit ou a ladan (si sa aplikab). Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman yo fè òf, ale sou [schools.nyc.gov/PreK](https://www.schools.nyc.gov/PreK) ak [schools.nyc.gov/3K](https://www.schools.nyc.gov/3K).

Semèn apresyasyon pwofesè

Montre apresyasyon w bay pwofesè pitit ou yo pandan semèn **5–9 me 2025 lan!** Pwofesè ede timoun nou yo santi yo ansekirite, ba yo sipò, ak enspire yo pou yo atenn tout potansyèl yo andedan ak andeyò salklas la.

Pran yon ti moman pou remèsye pwofesè ki fè yon diferans nan lavi w: soti jodi a rive 9 me, konekte san ou pa gen yon kont (guest) nan [DOEAllStars.schools.nyc](https://www.doeallstars.schools.nyc.gov) epi mete non yon edikatè NYCPS ou admire pou voye mesaj sipò w. Li fasil pou fè yon pwofesè pase yon bon jounen! Nou ankouraje tou elèv ak fanmi pou yo selebre pwofesè nan Vil nou an sou rezo sosyal yo lè yo itilize hashtag #ThankATeacherNYC.

Jounen aksyon pou pwoteje klima

Dènye jounen aksyon NYCPS pou pwoteje klima pou ane lekòl 2024–2025 lan ap **mèkredi 21 me!** Nan chak jounen aksyon pou pwoteje klima, kominote lekòl leta Vil Nouyòk yo angaje yo nan aktivite ki mete aksan sou edikasyon sou klima ak pratik dirabilite ki konekte avèk tèm jounen an. Tèm pou mwa me a, “Dlo,” ankouraje lekòl pou yo planifye aktivite pandan tout mwa a sou ekosistèm dlo, fason pou konsève l, ak fè ajisteman lè gen plis lapli ak gwo tanpèt nan vil nou an. Ale sou [schools.nyc.gov/ClimateAction](https://www.schools.nyc.gov/ClimateAction) pou jwenn plis enfòmasyon.

Konferans paran-pwofesè pou mwa me

Pare pou dènye seri konferans paran-pwofesè ane sa a! Yo pral fè konferans yo adistans, epi yo ka fèt anpèsòn si yo mande sa a. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon disponib—tanpri fè lekòl pitit ou ye a konnen si w bezwen sèvis. Tanpri ale sou [schools.nyc.gov/ptc](https://www.schools.nyc.gov/ptc) pou plis enfòmasyon.

- **Jedi 1ye me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl primè ak sant Pre-K
- **Jedi 8 me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl presegondè ak lekòl D75
- **Jedi 15 me:** Konferans paran-pwofesè nan aswè pou lekòl segondè, lekòl K–12, ak 6–12